**Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы**
**Қарақалпақстан бөлими**

**Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты**

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ЭТНОГРАФИЯЛЫҚ ИЗЕРТЛЕЎЛЕР: ТАРИЙХ ҲӘМ ЗАМАНАГӨЙЛИК

Қарақалпақстанға мийнети сиңген
илим ғайраткери, тарийх илими кандидаты
Хожахмет Есбергеновтың 90-жыллығына бағышланған
илимий-әмелий конференция

## МАТЕРИАЛЛАРЫ

Нөкис
«Илим»
2023

УОК 008(575.172)+94(575.172)
КБК 63.3(5Қар)
Қ50

*Қарақалпақстанда этнографиялық изертлеўлер: тарийх ҳәм заманагөйлик // Республикалық илимий-әмелий конференция материаллары. ӨзРИАҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты. Нөкис: «Илим» баспасы, 2023ж., 132 б.*

Топлам Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты Илимий Кеңесиниң (2023-жыл, 10-апрель күнги №3-санлы баянлама) қарарына тийкарланып Қарақалпақстан Республикасының этнография илимине өз үлесин қосқан Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери, тарийх илими кандидаты Хожахмет Есбергеновтың 90-жыллығы мүнәсибети менен шөлкемлестирилген «*Қарақалпақстанда этнографиялық изертлеўлер: тарийх ҳәм заманагөйлик*» атамасындағы республикалық илимий-әмелий конференция материаллары.

***Бас редактор:*** *Қарлыбаев М.А.*
***Жуўаплы редактор:*** *Курбанова З.И.*
***Таярлаўшы:*** *Сайтов А.Т.*

*Топламда берилип атырылған материаллардағы мағлыўматлардың ҳәм мазмунының дурыслылығына авторлар жуўапкер, олардың пикирлери редакцияның пикирлери болып есапланбайды.*

ISBN 978-9943-8869-6-4
© «Илим» баспасы, 2023ж.

келешеги ушын хызмет еткен пидайы ел ағаларының бири Көптилеў Нурмухаммедовтың өмири ҳәм хызметин бүгинги миллий ғәрезсизлик идеясы көзқарасынан баҳалаған.

Х.Есбергенов бул мийнетинде Көптилеў Нурмуҳамедовтың Қарақалпақстан Орайлық Атқарыў Комитетиниң басшысы сыпатында республикамыздың өндирис күшлерин нәтийжели изертлеўге жақыннан жәрдем бергенин, 1933-жыл 18-25-март күнлери Ленинград қаласында өткерилген Қарақалпақстан халық хожалығын, өндирис күшлериниң изертлениў дәрежесине, келешегине бағдарланған конференциясының 13 адамнан ибарат делегат басшысы сыпатында санаат, қурылыс, пахта заводы, өнерментшилик устаханалар, дәрья жол қатнасын механизациялаў, Қарақалпақстанда медицина институты қурылысын баслаў ҳаққында қарарлар қабыл етиўге ерискенин архивлик дереклер тийкарында келтирип өтеди. Алымның бул мийнети бир өмир ели-халқына аянбай хызмет еткен миллет зыялыларының илим, мәденият тараўындағы хызметин баҳалаўы бүгинги жасларымыз ушын өшпес тарийхый естелик болып қалады.

## Х.ЕСБЕРГЕНОВТЫҢ МИЙНЕТЛЕРИНДЕ ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ ЭТНОГЕНЕЗИ ҲӘМ ЭТНИКАЛЫҚ ТАРИЙХЫ МӘСЕЛЕСИНИҢ ҮЙРЕНИЛИЎИ

*М.М. Давлетияров*
*тарийх илимлери бойынша философия докторы (PhD), үлкен илимий хызметкер*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты докторанты*

Қарақалпақстан илими, соның ишинде тарийх-этнография илиминиң раўажланыўына өзиниң салмақлы үлесин қосқан алымлардың бири Хожахмет Есбергенов болып табылады.

Өмирин қарақалпақлардың тарийхын, этнографиясын, мәдениятын, үрп-әдетлерин, этногенез ҳәм этникалық тарийхын үйрениўге бағышлаған Х.Есбергенов көплеген илимий жумыслар жазып қалдырған болса, солардың ишинде көпшилиги қарақалпақлардың этногенези ҳәм этникалық тарийхы менен байланыслы. Бул мақалада сол жумыслардың айрымларына тоқтап өтпекшимиз.

Х.Есбергенов ҳәм Ж.Хошниязовтың «Этнографические мотивы в каракалпакском фольклоре» (Есбергенов, 1988) атлы мийнетинде фольклор этнографиялық дерек сыпатында үйрениледи. Бул монографияда Қубла Арал бойы халықларының Волга бойы, Кавказ, Иран, Афганстан аймақлары менен этногенетикалық ҳәм этномәдений байланыслары, қарақалпақ фольклорында өз сәўлелениўин тапқан ҳәзирги қарақалпақ халқының ата-бабаларының мәдениятын үйренилген. Х.Есбергенов фольклорист Ж.Хошниязов биргеликтеги бул жумысында қарақалпақлардың өтмиштеги турмысы, шаңарақтағы қатнасықлар, әскерий шөлкемлер, исенимлер, үрп-әдетлер, дүньяғы көз-қараслары менен байланыслы мағлыўматлар сәўлеленген қарақалпақ фольклорының жанрлары болған, ертеклер, аңызлар, әпсаналар, дәстанлар, тарийхый қосықлар анализ етилген. Фольклорлық материалларды тарийхый-этнографиялық дерек сыпатда пайдаланыў мәселеси сол ўақытларда жаңа илимий бағдарлар қатарында еди.

Авторлар дәслеп басқа бир илимпазлардың мийнетлеринде талықланып киятырған «қарақалпақ», «қарағулпақ» атамаларына тоқтап өтип, халықтың келип шығыўын тек бир оның атамасына қарап үйрениў мәселесине сын көз-қарас пенен қарайды. Әсиресе Д.Айтмуратовтың «қарақалпақ» атамасының келип шығыўына байланыслы айтылған пикирлерин критикалайды (Есбергенов, 1988. 7-8 б.). Х. Есбергеновтың өзи бул мәселеде

ҳәр бир халықтың эногенезин үйрениўде дәслеп олардың материаллық ҳәм руўхый мәдениятын үйрениў тәрепдары болады, ҳәм усы көзқараста болған алымларды қоллап-қуўатлайды.

Ҳақыйқатында да, узақ өтмиштеги қарақалпақлар тарийхын үйрениўде жазба мағлыўматлар жоқ дәрежесинде десек болады, усындай ўақытта фольклор материаллары жүдә қунлы дерек болып есапланады. Бирақ фольклордағы сәўлеленген мағлыўматларды тарийхый ҳақыйқатлыққа толық туўра келеди деп айтыў қыйын, соның ушын басқа тарийхый материаллар менен салыстырмалы тәризде үйрениў шәрт.

Х.Есбергенов халықтың этникалық келбетин анықламай турып оны әййемги ҳәм орта әсирдеги халықлар менен байланыстырыў қыйын екенлигин, соның ишинде қарақалпақларды тек атына қарап қара бөриклер менен байланыстырыў қәте екенлигин айтады. Сондай-ақ, дала материалларына тийкарлана отырып қарақалпақлар әзелден Әмиўдәрьяның шеп жағалығында Хорезмде жасағанлығын, ал XVI-XVII әсирлерге келип Әмиўдәрьяның оң тәрепине көшип өткенлигин айтады. Буған тастыйық ретинде Абулғазының мағлыўматларына тийкарланып, қарақалпақ тарийхый қосықларында айтылып келинген Балхан таўы аты менен Каспий теңизиниң шығыс тәрепиндеги төбешик аталғанлығын мысал етеди (Есбергенов, 1988. 14-15 б.).

Солай-етип, фольклор шығармаларын ҳәм айырым жазба мағлыўматларды анализлеў нәтийжесинде қарақалпақ эногенезиниң қәлипсиў аймақларына Сырдәрья жағларынан басқа Әмиўдәрьяның шеп жаға аймақлары, Үстирт тегисликлериде киретуғынлығын айтыўға болады. Бирақ, қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиў жерин қарақалпақ этнонимине ямаса тек бир фольклор шығармаларына қарап анық айтыў қыйын деген жуўмаққа келеди.

Қарақалпақлардың этногенезин үйрениўде және бир баҳалы мағлыўматлардың бири бул Шежире болып есапланады. Бердахтың шежиресинен басқа халық арасында әўләдтан әўләдқа өтип киятырған басқда шежирелер бар. Тарийхый мағлыўматлар көркем образда берилген бул шежирелерде өтмиштеги қарақалпақлардың турмысы, жәмийетлик дүзилиси, басқа халықлар менен этногенетикалық ҳәм этномәдений байланыслары ҳаққында мағлыўмат береди.

Және қызық ҳәм тартыслы мәселелердиң бири, бул Алпамыс дәстанындағы Жийдели Байсын атамасы ҳәм оның жайласқан жери ҳаққында бул монографияда сөз етиледи. Дәслеп бул мәселе бойынша билдирилген Л.С.Толстованың пикири айтылады (Толстова, 1984), яғный ол Жийдели Байсынның мәканы қубла аймақлар, Сурхандәрья жери менен байланыслы деген пикирдиң тәрепдары екенлигин айтады. Соның менен бирге, басқа бир алымлардың пикири ҳәм дала материалларындағы мағлыўматларға тийкарлана отырып Жийдели Байсын Қубла Арал бойлары, Үстирт аймақларында деген вариантлары да бар екенлигин айтады. Бирақ, соны айрықша айтып өтиў керек, Л.С.Толстова Хорезм, Фергана, Бухара ҳәм Самарканд қарақалпақларының фольклорында да Жийдели Байсын ушырасатуғынлығын айтады ҳәм оларда бул мәселе ҳәр қыйлы вариантларда айтылады дейди. Қарақалпақ фольклорының Алпамыс дәстанында Жийдели Байсын орны ҳаққында айтылады (Қарақалпақ фольклоры, 2007). Бул дәстанда оның анық жайласатуғын жери көрсетилмесе де, оның әйнен ҳәзирги қарақалпақлардың Алпамыс дәстанында ушырасыўының өзи Жийдели Байсын мәканын Сурхандәрья жери менен байланысы жоқ екенлигин көрсетеди.

Х.Есбергенов өзиниң «Значение фольклора в изучении истории культуры и этногенеза народов Арало-Каспийского региона» (Есбергенов, 2000, 5-6 б.) атлы

мақаласында да жумыста қарақалпақ халқының этногенези ҳәм этникалық тарийхын үйрениўде фольклордың ролине үлкен дыққат аўдарады, ҳәм ҳәр қыйлы мысаллар менен буны дәлийллеўге ҳәрекет етеди.

Х.Есбергеновтың «Вопросы этногенеза каракалпаков в их ономастике» (Есбергенов, 1998. 137-141 б.) атлы мақаласында үлкен қызығыўшылық оятады. Бул жумыста қарақалпақ халқының этногенези ҳәм этникалық тарийхын үйрениўде этнонимлер, топонимлер ҳәм гидронимлердиң ҳәм олар менен байланыслы аңыз-әпсаналардың әҳмийети көрсетиледи. Айырым топоним ҳәм гидронимлерди (Хотан, Шахри Сафа, Ат кеткен) үйрене отырып қарақалпақлардың этногенези, оның қурамы ҳәр қыйлы болған ҳәм сырттан келип қосылған урыў-қәўимлердиң қатнасында пайда болған деген пикирди айтады. Сондай-ақ, қалаша «Хотан кол», «Шахри Сафа», «Ат кеткен» атамаларын үйрениўине отырып қарақалпақлардың этногенезинде қубла аймақлар менен болған байланыслар күшли екенлигин дәлийллеўге ҳәрекет етиледи.

Қарақалпақлардың урыўлық қурамындағы көпшилик урыў атамалары әййемги ҳәм орта әсирдеги урыў-қәўимлер, урыўлық бирлеспелер менен байланыслы болып, ҳәзир ўақыттағы Орта Азия ҳәм басқада түркий халықлардың этникалық қурамында ушырысатуғынлығы аўызша ҳәм жазба дереклерден көриўге болады. Х.Есбергеновтың кейинги бир илимий мақаласы «Историко-этнографические аспекты каракалпакских этнонимов (тели)» (Есбергенов, 2005. 121-127 б.) деп аталып, онда жоқарыда айтылған урыўлардағы уқсаслық ҳәзирги ўақыттағы көпшилик туркий халықлардың этникалық ҳәм аймақлық жақтан бир екенлигин билдиреди деп айтылады. Бул жумыста тийкарынан «тели» этноними ҳәм оның менен байланыслы болған телеген арба ҳаққында мағлыўматлар үйренилген. Ҳәзирги қарақалпақлардың мүйтен урыўы қурамында ушырасатуғын бул «тели» атамасы келип шығыў тарийхы узақ өтмишке барып тақалатуғынлығын, олар өтмиште көплеген урыўлардан ибарат болып, гунлардың әўлады екенлигин, түрклердиң үрп-әдетлери менен улыўмалық тәреплери көп екенлигин Қытай дереклериненде көрсе болады (Материалы …, 2011. 101-107 б.).

Жуўмақлап айтқанда, Х.Есбергеновтың жоқарыда келтирилген жумысларынан, оның қарақалпақ этногенези ҳәм этникалық тарийхы менен байланыслы мәселелерге жүдә терең ҳәм ҳәр тәреплеме қарап үйренгенлигин, усы мәселеге байланыслы көплеген сораўлардың шешимин табыўға ҳәрекет еткенлигин көремиз. Әсиресе этногенез ҳәм этникалық тарийхты үйрениўде халықтың тек атамасына қарап емес, ал дәслеп сол халықтың этникалық келбетип анықлаў кереклигин, бул ушын оның этнографиясын, фольклорын, басқада тарийхый-мәдений мийрасларын ҳәр тәреплеме үйрениў зәрүрлигин айтады.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

Есбергенов Х., Хошниязов Ж. Этнографические мотивы в каракалпакском фольклоре. Ташкент, 1988.

Толстова Л.С. Исторические предания Южного Приаралья. К истории этнокультурных связей народов Арало-Каспийского региона. Москва, 1984.

Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. Т. 1-8. Нөкис, 2007.

Есбергенов Х. Вопросы этногенеза каракалпаков в их ономастике // ӨзР ИА ҚҚБ «Хабаршы» журналы, 1998, №2-3. 137-141 бетлер.

Есбергенов Х. Значение фольклора в изучении истории культуры и этногенеза народов Арало-Каспийского региона // ӨзР ИА ҚҚБ «Хабаршы» журналы, 2000, №5. 55-56 бетлер.

Есбергенов Х. Историко-этнографические аспекты каракалпакских этнонимов (тели) // ӨзР ИА ҚҚБ «Хабаршы» журналы, 2005, №1-2. 121-127 бетлер.

Материалы по истории Казахстан и Центральной Азии / Выпуск I. Составитель и ответственный редактор Ж.М.Тулибаева. 2-изд., исправленное. Астана, 2011.

**МАЗМУНЫ**


I. Х. ЕСБЕРГЕНОВТЫҢ ӨМИРИ ҲӘМ ИЛИМИЙ ИСКЕРЛИГИ ҲАҚҚЫНДА ................ 3

Х. ЕСБЕРГЕНОВТЫҢ ӨМИРИ ҲӘМ ИЛИМИЙ ИСКЕРЛИГИ........................................ 3

Х. ЕСБЕРГЕНОВТЫҢ ТИЙКАРҒЫ ИЛИМИЙ МИЙНЕТЛЕРИ ....................................... 4

*Ж. Айтмуратов* - МИЛЛЕТ ЗИЯЛЫЛАРЫН АРДАҚЛАҒАН АЛЫМ ........................... 12

*М.М. Давлетияров* - Х.ЕСБЕРГЕНОВТЫҢ МИЙНЕТЛЕРИНДЕ ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ ЭТНОГЕНЕЗИ ҲӘМ ЭТНИКАЛЫҚ ТАРИЙХЫ МӘСЕЛЕСИНИҢ ҮЙРЕНИЛИЎИ ........................................ 14

*А.Р. Қудияров* - ҚАЛА ТАРИЙХЫН ИЗЕРТЛЕЎШИ........................................ 17

*З.И. Курбанова* - ИСПОЛЬЗОВАНИЕ ФОЛЬКЛОРНЫХ МАТЕРИАЛОВ В ТРУДАХ Х. ЕСБЕРГЕНОВА ........................................ 21

*С.У.Нуржанов* - КЛАССИФИКАЦИЯ ИСТОЧНИКОВ ИСТОРИЧЕСКОГО КРАЕВЕДЕНИЯ (НА ОСНОВЕ «ҚОҢЫРАТ ТАРИЙХЫЙ ҲӘМ МӘДЕНИЙ ЕСТЕЛИКЛЕРИ» Х.ЕСБЕРГЕНОВА)........................................ 23

*Н.А. Тлеубергенова* - ВОПРОСЫ МАТЕРИАЛЬНОЙ КУЛЬТУРЫ КАРАКАЛПАКОВ В ТРУДАХ Х. ЕСБЕРГЕНОВА ........................................ 26

II. ЭТНОГРАФИЯ, ЭТНОЛОГИЯ, АНТРОПОЛОГИЯ МӘСЕЛЕЛЕРИ ............................ 29

*М.А. Абдуллаев* - МУСТАҚИЛЛИК ЙИЛЛАРИДА ҚОРАҚАЛПОҚЛАР ЭТНОЛОГИЯСИ ТАДҚИҚИ........................................ 29

*У.К. Абсетерова* - ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛҚЫНЫҢ СУЎСЫЗЛЫҚ ЖЫЛЛАРЫНДА ҚОЛЛАНҒАН ҮРП-ӘДЕТЛЕРИ........................................ 32

*Г.А. Акимниязова* - КАРАКАЛПАКСКИЕ БАЗАРЫ НАЧАЛА XX ВЕКА КАК КУЛЬТУРНО-РАЗВЛЕКАТЕЛЬНЫЕ ЦЕНТРЫ ........................................ 34

*А.Е. Бижанова, А.Ж. Дауесова* - СЕМАНТИКА ПОМИНАЛЬНЫХ ДАТ В ТРАДИЦИОННОЙ КУЛЬТУРЕ КАЗАХОВ ........................................ 37

*T.R. Jabbarbergenov* - XX ÁSIR JERGLIKLI IZERTLEWSHILERDIŃ MIYNETLERINDE QARAQALPAQ JASLARÍNÍŃ BOS WAQÍTÍ ........................................ 40

*G. Joldasbaeva* - KELIN TAŃLAW HÁM OL MENEN BAYLANÍSLÍ DÁSTÚRLER...... 42

*Р.А. Исметов* - МУҚАДДЕС ОРЫНЛАРҒА ҚОЙЫЛҒАН АЙЫРЫМ АТАМАЛАР ТАРИЙХЫ ........................................ 45

*Р.С. Камалова* - СОВРЕМЕННАЯ ТРАДИЦИОННАЯ ОБРЯДНОСТЬ: ПРАКТИКА, ФАКТОРЫ И ТЕНДЕНЦИИ (НА ОСНОВЕ СВАДЕБНОЙ ОБРЯДНОСТИ)................ 48

*З.И. Курбанова* - КУЛЬТУРА ПИТАНИЯ КАРАКАЛПАКОВ ПОД ВОЗДЕЙСТВИЕМ ГЛОБАЛИЗАЦИОННЫХ ПРОЦЕССОВ ........................................ 51

*Д.А. Кудайбергенова* - ЗЕРГЕРЛИК БУЙЫМЛАРЫНДАҒЫ НАҒЫС МОТИВЛЕРИ... 54

*И.М. Нурмухамедова* - ПЕРВАЯ РУБАШКА МЛАДЕНЦА «*ИЙТ КӨЙЛЕК*» У КАРАКАЛПАКОВ ........................................ 56

*Ә. Қ. Пахратдинов* - КИНДИК ШЕШЕ МЕНЕН БАЙЛАНЫСЛЫ ДӘСТҮРЛЕР.......... 60

*А. Пирназарова* - И.В. САВИЦКИЙ АТЫНДАҒЫ МУЗЕЙ ЭКСПОНАТЛАРЫНЫҢ ЖЫЙНАЛЫЎ ТАРИЙХЫНАН........................................ 63

*З. Раҳмоналиев* - ЯНГИ ТАРАҚҚИЁТ БОСҚИЧИДА ЭТНОС ВА МИЛЛАТ ТУШУНЧАЛАРИ........................................ 66

*А.Т.Сайтов* - ПРИМЕТЫ И СУЕВЕРИЯ У КАРАКАЛПАКОВ, СВЯЗАННЫЕ С РЫБОЛОВСТВОМ ........ 69

*О.С. Сейтмуратов* - ПАСТУШЕСКОЕ РЕМЕСЛО У КАРАКАЛПАКОВ ........ 71

*С. Ш.Таджетова* - ҚАРАҚАЛПАҚЛАР ТУРМЫСЫНДА «КЕЛИН» СТАТУСЫ ҚӘЛИПЛЕСИЎИНДЕ ҚЫЗ-БАЛА ТӘРБИЯСЫ ........ 74

*К.Ж. Турекеев* - ОБЫЧАИ И ОБРЯДЫ КАРАКАЛПАКОВ САМАРКАНДСКОЙ ОБЛАСТИ, СВЯЗАННЫЕ С РОЖДЕНИЕМ РЕБЁНКА (НА МАТЕРИАЛЕ БУЛУНГУРСКОГО И ДЖАМБАЙСКОГО РАЙОНОВ) ........ 77

*М.Б. Утебаев* - ПЕРСПЕКТИВЫ КРОСС-КУЛЬТУРНЫХ ИССЛЕДОВАНИЙ В КАРАКАЛПАКСТАНЕ ........ 81

*М.И. Ходжанов* - ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН ЎЗБЕКЛАРИНИНГ СОВЧИЛИК УРФ-ОДАТЛАРИ ........ 84

*Г.М. Хожаниязова* - ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДА ӨЗ-АРА ЖӘРДЕМ ДӘСТҮРИНДЕ ҲАЯЛ-ҚЫЗЛАРДЫҢ ТУТҚАН ОРНЫ ........ 87

*G. Sharjaubayeva* - QARAQALPAQSTANLÍ KOREYSLERDIŃ AYÍRÍM SHAŃARAQLÍQ MÁRESIMLERI ........ 89

*М.Ж.Эгамберганова* - ЭТНИК ИДЕНТИКЛИК ТУШУНЧАСИНИНГ ЭТНОЛОГИЯ ФАНИДАГИ АҲАМИЯТИ ........ 91

*Б.Ж. Юсупова* - ҚАРАҚАЛПАҚ ҚОЛ ӨНЕРИ: АҒАШҚА НАҒЫС ОЙЫЎ МӘСЕЛЕСИ МУЗЕЙТАНЫЎ ҲӘМ ЭТНО-АҒАРТЫЎШЫЛЫҚ НӘЗЕРИНДЕ ........ 94

III. ЭТНОГРАФИЯ ҲӘМ ГУМАНИТАР ИЛИМЛЕРДИҢ ИНТЕГРАЦИЯЛАСЫЎЫ МӘСЕЛЕЛЕРИ ........ 97

*А.Т. Бекбаулиев* - НЕКОТОРЫЕ ИТОГИ ИЗУЧЕНИЯ КУВШИНОВ С ГОРОДИЩА КУРГАНЧА (КОБЛАНДЫ-КАЛА) ........ 97

*З.У. Бекбергенова* - Ә.ӘЖИНИЯЗОВ ПОЭЗИЯСЫНДА ТОПОНИМЛЕРДИҢ ТУТҚАН ОРНЫ ҲӘМ КӨРКЕМЛИК ХЫЗМЕТИ ........ 101

*A.Ó. Gúlimbetov* - XIX ÁSIR EKINSHI YARÍMÍ XX ÁSIR BASLARÍNDA QUBLA ARAL BOYÍ SAWDA HÁM EKONOMIKASÍNÍŃ TARIYXTANÍWSHÍLÍĞÍ MÁSELESI ........ 104

*О.Т.Доспанов* - АРХЕОЛОГИЯ, ЭТНОГРАФИЯ МАТЕРИАЛЛАРЫНДА ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ ГЕЙПАРА САЛТ-ДӘСТҮРЛЕРИН САЛЫСТЫРЫЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ ........ 106

*Т. Қ. Жәримбетова* - ҚАРАҚАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫНДА КӨРКЕМ-ҲҮЖЖЕТЛИ ШЫҒАРМАЛАРДА ЭТНОГРАФИЯЛЫҚ СҮЎРЕТЛЕЎЛЕР ........ 110

*М.И. Ниязова* - К ВОПРОСАМ ЭТНОАРХЕОЛОГИИ / МАСТЕРСКИЕ ЮВЕЛИРОВ ПОЗДНЕСРЕДНЕВЕКОВОЙ БУХАРЫ ........ 113

*П.Ж.Өтениязов* - ХАЛЫҚ ЕРТЕКЛЕРИНИҢ ПАЙДА БОЛЫЎ ДЕРЕКЛЕРИ ........ 115

*К.С. Палымбетов, О.Ж. Юсупов* - ҚАРАҚАЛПАҚ ЭТНО-ДӘСТАНЛАРЫ: ӘМИР ТЕМУР ТАРИЙХЫЙ ТУЛҒА ҲӘМ ФОЛЬКЛОРЛЫҚ ОБРАЗ ........ 119

*Г.У. Сейдаметова* - ГОРОДСКАЯ СЕМЬЯ И ОСОБЕННОСТИ БРАКОСОЧЕТАНИЯ В КАРАКАЛПАКСТАНЕ В 1960-1980 ГОДЫ ........ 122

*С. Ә. Сулайманов* - ҚУБЛА АРАЛ БОЙЫ ДӘСТҮРИЙ ҚАТНАС ЖОЛЛАРЫНДА СУЎ ЖОЛЛАРЫНЫҢ ТУТҚАН ОРНЫ ........ 125

*B.U.Temirxanov* - GÁREZSIZLIK JÍLLARÍNDA QARAQALPAQ DIYQANSHÍLÍQ ILIMIY-IZERTLEW INSTITUTÍ ILIMIY JOYBARLARÍ ESABATÍNAN ........ 127

**Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы**
**Қарақалпақстан бөлими**

**Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты**

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ЭТНОГРАФИЯЛЫҚ ИЗЕРТЛЕЎЛЕР: ТАРИЙХ ҲӘМ ЗАМАНАГӨЙЛИК

Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери,
тарийх илими кандидаты Хожахмет Есбергеновтың 90-жыллығына
бағышланған илимий-әмелий конференция

**МАТЕРИАЛЛАРЫ**

**Редактор:** А.И. Алниязов
**Верстка:** В. Султангулова

**Basıwǵa ruqsat berilgen waqtı 05.05.2023 j. Format – 60/84 $^1/_{16}$.**
**“Times” garniturası. Ofset usılında basıldı. Kólemi 8,25 b.t.**
**Nusqası 100 dana. Buyırtpa №14-22/K**

**«Miraziz Nukus» JShJ baspaxanasında basıldı**
Ózbekstan Respublikası baspa sóz hám xabar agentliginiń
2018-jıl 16-maydaǵı № 11–3059 licenziyası.

ISBN 978-9943-8869-6-4